

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Métode mangrupa salasahiji cara anu digunakeun pikeun ngahontal udagan panalungtikan. Cara nu digunakeunana dumasar kana tinimbangan anu nalungtik sabada nyawang tujuan objék nu ditalungtikna.

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metode deskriptif. Métode déskriptif nya éta métode nu biasa dipaké pikeun nalungtik *sekelompok* jalma atawa hiji objék pikeun tujuan ngagambarkeun sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta sifat sarta hubungan antar fenomena nu ditalungtik.

Métode déskriptif digunakeun pikeun ngagambarkeun kasang tukang ngaran patempatan nu aya di Kecamatan Parongpong Kabupaten Bandung Barat sarta ngelompokkeun ngaran-ngaran éta patempatan dumasar aspék fisik, kultural jeung sosial.

3.2 Séting Panalungtikan

3.2.1 Waktu Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun salila sabulan, nya éta ti tanggal 28 Désémber 2010 nepi ka tanggal 28 Januari 2011.

3.2.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Anu dijadikeun data dina ieu panalungtikan nya éta ngaran-ngaran kampung nu aya di Kecamatan Parongpong Kabupaten Bandung Barat. Kampung anu bakal dipedar, nya éta kampung anu ngagunakeun arah angin (kulon, wétan, kalér, kidul) dianggap hiji. Salian ti éta mah, ngaran kampung di Kecamatan Parongpong bakal dipedar hiji-hiji.

Sedengkeun sumber datana nya éta para tokoh masarakat, sesepuh, jeung aparat pamaréntah.

3.2.3 Lokasi Panalungtikan

Lokasi anu jadi tempat panalungtikan nya éta Kecamatan Parongpong. Kecamatan Parongpong ayana beulah kalér ti kota Bandung, wilayahna ngawengku tujuh desa, nya éta: Cigugur Girang, Ciwaruga, Cihanjuang Rahayu, Cihanjuang, Sariwangi, Cihideung, jeung Karyawangi. Kampung-kampung sarta patempatan séjénna nu aya di tujuh désa ieu nu bakal jadi tempat panalungtikan, sarta bakal dipedar kasangtukang ngaran éta kampung/tempat ngaliwatan sistem méré ngaran dumasar kana aspék fisik, sosial jeung kultural.

3.3 Wangenan Operasional

3.3.1 Istilah Patempatan

Istilah patempatan nu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta sakumna ngaran-ngaran tempat nu aya di wilayah Kecamatan Parongpong, kaasup ngaran kampung, curug, susukan, atawa situs nu aya.

3.3.2 Toponimi

Toponimi dina ieu panalungtikan nya éta sistem méré ngaran patempatan nu aya di wilayah Kecamatan Parongpong. Nu saterusna éta ngaran-ngaran patempatan dibagi dumasar kana aspék fisik, sosial, jeung kultural nu mangaruhan kana éta ngaran.

Jadi, nu dimaksud istilah patempatan dumasar toponimi di Kecamatan Parongpong téh nya éta sakumna ngaran patempatan nu aya di ieu tempat dibagi-bagi dumasar kana aspék fisik, sosial, jeung kultural nu mangaruhan kana éta ngaran.

3.4 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngagunakeun téknik studi pustaka, observasi, wawancara, jeung dokumentasi.

1) Téknik Studi Pustaka

Ieu téknik gunana pikeun néangan sarta neuleuman bahan-bahan nu jadi dadasar tiori nu aya patalina jeung masalah nu ditalungtik.

2) Téknik Observasi

Téknik ieu digunakeun pikeun néangan sarta ngumpulkeun bahan nu leuwih lengkep tur euyeub jeung informasi nu leuwih akurat. Panalungtik niténan langsung kaayaan nu sabenerna di lapangan.

3) Téknik Wawancara

Ieu téknik digunakeun pikeun meunang informasi ngaliwatan lisan.

Informan nu perlu diwawancara dina ieu panalungtikan nya éta:

- a) Tokoh masarakat, sesepuh nu dianggap mikanyaho kana kasang tukang dina ngaran hiji kampung atawa tempat.
 - b) Aparat pamaréntah, tingkat kecamatan atawa désa.
- 4) Téknik Dokuméntasi

Pikeun ngarojong informasi data, diperlukeun téknik dokuméntasi. Anu didokumentasikeunana nya éta hal-hal atawa barang nu dianggap bisa ngarojong kana panalungtikan sakaligus ngajadikeun hiji bukti yén panalungtikan téh bener-bener dilaksanakeun.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

3.5.1 Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara nu digunakeun dina wawancara pikeun nyangking informasi ngeunaan kasangtukangna dibéré ngaran kampung.

FORMAT WAWANCARA

1. Biodata Wawancara

- 1) No Informan :
- 2) Wasta :
- 3) Umur :

- 4) Atikan :
- 5) Pakasaban :
- 6) Kalungguhan :
- 7) Alamat :

2. Daftar Patalékan

- 1) Kumaha kasangtukang ngaran ieu kampung/tempat?
- 2) Naha aya carita anu milu ngarojong kana ngaran ieu tempat?
- 3) Naha aya kajadian, tug nepi ka diabadikeun ngaliwatan ngaran kampung?
- 4) Naha aya bukti atawa fakta sajarah anu ngarojong kana ngaran ieu tempat?
- 5) Miboga harti naon ngaran ieu kampung/tempat numutkeun masarakat didieu?

3.5.2 Data jeung Sumber Data

Anu dijadikeun data dina ieu panalungtikan nya éta ngaran-ngaran kampung nu aya di Kecamatan Parongpong Kabupaten Bandung Barat. Sedengkeun sumber datana nya éta para tokoh masarakat, sesepuh, jeung aparat pamaréntah.

3.5.2.1 Profil Kecamatan Parongpong

Kecamatan Parongpong mangrupa salasahiji kecamatan tina 15 kecamatan nu asup kana wilayah Kabupaten Bandung Barat. Kecamatan Parongpong nu aya kaasup wilayah Bandung utara, lokasina cukup strategis ku sabab aya dina wates antara Kota Bandung jeung Kota Cimahi. Ieu kecamatan asalna mangrupa *pemekaran* ti Kecamatan Cisarua. Dina ahir taun 1980-an ieu daérah disebut Kamantrén Parongpong, ieu istilah hartina samodél calon kecamatan mandiri. Ahirna dina awal taun 1990-an Kecamatan Parongpong resmi jadi kecamatan nu mandiri. Asalna Kecamatan Parongpong mangrupa bagian tina wilayah Kabupaten Bandung, alatan ayana *pemekaran* Kabupaten Bandung nu dibagi jadi dua, nya éta Kabupaten Bandung jeung Kabupaten Bandung Barat. Hal ieu dumasar kana Undang-Undang Republik Indonesia No. 12 taun 2007 ngeunaan Pembentukan Kabupaten Bandung Barat menjadi Daerah Otonom di Provinsi Jawa Barat.

Kecamatan Parongpong ngabogaan wilayah nu legana 350,203 héktar, nu dibagi kana tujuh désa, nya éta:

- 1) Désa Cihanjuang;
- 2) Désa Cihanjuang Rahayu;
- 3) Désa Karyawangi;
- 4) Désa Sariwangi;
- 5) Désa Ciwaruga;
- 6) Désa Cigugurgirang; jeung
- 7) Désa Cihideung

Jumlah pendudukna 86.103 jiwa, lalaki 42.279 jiwa jeung awéwé 43.824 jiwa anu sumebar dina tujuh désa nu aya di Kecamatan Parongpong (www.bandungbaratkab.go.id).

3.6 Téknik Ngolah Data

Téknik ngolah jeung nganalisis data ieu panalungtikan téh katitén saperti ieu di handap.

- 1) Ngumpulkeun informasi anu geus kacangking ngaliwatan studi pustaka, observasi, wawancara, jeung dokumentasi,
- 2) Ngelompokkeun ngaran-ngaran tempat dumasar kana tilu aspék (fisikal, sosial jeung kultural). Aspek mana anu panglobana méré kasang tukang ngaran patempatan.
- 3) Ngadéskripsikeun unggal ngaran tempat, patali jeung bukti sajarah nu milu ngarojong kana ngaran éta tempat.

3.7 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan nya éta léngkah-léngkah nu dilakukeun panalungtik salila ngalakukeun panalungtikan nepi ka bérésna laporan panalungtikan, nya éta:

- 1) ngajukeun judul keur panalungtikan;
- 2) seminar proposal, anu nangtukeun naha judul bisa diteruskeun jadi panalungtikan atawa henteu;
- 3) nyusun rarancang panalungtikan, nya éta nyieun agénda kagiatan nu kudu dilakukeun salila panalungtikan;

- 4) ngayakeun survey awal, nu gunana pikeun ningali langsung kaayaan lokasi panalungtikan;
- 5) nyieun surat perijinan panalungtikan ti mimiti ka fakultas, Biro Kesatuan Bangsa, Politik dan Perlindungan Masyarakat Kabupaten Bandung Barat, Kecamatan Parongpong jeung désa-désa nu aya di Kecamatan Parongpong;
- 6) néangan data statistik ka kecamatan jeung néangan peta monografi ka désa-désa;
- 7) ngadatangan narasumber jeung ngalakukeun wawancara;
- 8) ngolah data nu geus kacangking;
- 9) ngayakeun bimbingan jeung dosén, nu dilakukeun ti mimiti laporan mimiti dikerjakeun, salila panalungtikan jeung nalika panalungtikan geus dilaksanakeun;
- 10) nyusun skripsi salaku laporan panalungtikan; jeung
- 11) ujian sidang, nu dilakukeun pikeun nguji skripsi.